

LKPD 1 BAHASA JAWA

KELAS 3 ACEH



Waca kanti teliti !

Pandhawa

Yudhistira Werkudara Harjuna Nakula Sadewa

Pandhawa kuwi ana lima. Sing mbarep Yudhistira, banjur Werkudara, panengahe Harjuna, Nakula lan Sadewa. Pandhawa kuwi putrane Prabu Pandhu Dewanata. Yudhistira, Werkudara, lan Harjuna ibune Kuntitalibrata. Dene Nakula lan Sadewa ibune Dewi Madrim.

Yudhistira ratu ing Ngamarta, duwe watak wicaksana remen ngalah. Pusakane Jamus Kalimasada. Werkudara satriya ing Jodhipati, duwe watak kendel mbelani bebener. Senjatane Kuku Pancanaka. Harjuna satriya ing Madukara, duwe watak seneng tetulung. Senjatane Panah Pasopati. Nakula satriya ing Bumi Retawu, duwe watak ora seneng nyampuri urusane wong liya. Sadewa satriya ing Sawo Jajar, duwe watak padha karo Nakula.

Nalika perang Barata Yudha, Pandhawa menang amarga Pandhawa pancen seneng nggondheli bebener. Mula Gusti kang Maha Kuasa tansah maringi pangayoman.

Wangsulana pitakon iki

1. Kepriye watake Yudistira ?
2. Kepriye watake Werkudara ?
3. Kepriye watake Harjuna ?
4. Kepriye watake Nakula ?
5. Kepriye watake Sadewa ?
6. Sapa ramane Pandawa ?
7. Sapa ibune Yudistira, Werkudara lan Harjuna ?
8. Sapa ibune Nakula lan Sadewa ?
9. Sapa pambarepe Pandawa ?
10. Sapa panengahe pandawa ?